Ассаламу гIалайкум!

ГЬУДУЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

№ 34 (10035) | 5 июль | Рузман | 2019 сон

ШКОЛА ЛЪУГIАРАЗУЛГУН КЪО-МЕХ ЛЪИКI ГЬАБУНА

Болъихъ районалъул администрациялда цебе бугеб майданалда тIобитIана цIали лъугIун унел школлъималазе фестиваль. Исанасеб гьеб аваданлъи букIана кIиабизе тIобитIулеб ва араб соналъги лъимал гьелдасан роххун хутIидал, хIукму ккана гьеб данде руссин абадияблъун гьабизе.

Гьеб киназего, улбузеги, лъималазеги рекIее гIураб фестиваль рагьулаго, районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас абуна:

-Щибаб соналъ цIали лъугIун унезул букIуна жиде-жидер хаслъи, ракIалдаса унарел лъугьа-бахъинал. Гьединлъидал тIоцебесеб иргаялда баркала кьезе бокьун буго мугIалимзабазе, гьезул захIматаб хIалтIухъ, хIалбихьиялъухъ ва хIалтIулъ бергьенлъабазухъ.

РакI-ракIалъ гьаризе бокьун буго цIали лъугIун унезе гIумрудулъ битIккей, икъбал, гIаданлъи цIикIкIун гуреб биличIого хутIи. Гьединго улбуздаги баркула балугълъуде лъимал рахин, лъимерлъиги лъугIун гIолохъанаб гIумруялде гьел лъугьин. ТIадегIанал къиматазда школа лъугIаразе районалъул бетIерас баркалагун, баркигун кагъатал кьуна ва гIарцулал сайгъаталгун нухда регIана. Гьелдаса хадуб букIана ихтилат-кеп, аваданлъи, киназдаго рекIелъ хутIулеб зухIмат.

«КАЗЕНОЙ-АМ» ХIОРИХЪ БУРТИНАДУЛ КIИАБИЛЕБ ФЕСТИВАЛЬ ТIОБИТIАНА

КIиабилеб июлалда «Казеной-Ам» хIорихъ тIобитIана кIиабилеб Республикаялъулаб фестиваль.

Гьеб фестивалалда гIахьаллъи гьабуна ГIахъуша, ГIахьвахъ, Гъуниб, Хунзахъ, ЦIумада районаздаса, Ведено районалдаса, циркалъулаб канатоходцазул «Пехлеван» студиялъул гIахьалчагIи АсхIабгIали ХIасановасул нухмалъиялда гъоркь, гьединго Калмыкиялдаса гьитIичазул «Цецг» ансамбль ва солистка Оксана Лиджигоряева.

ТIадегIанал гьалбалъун гьенир рукIана Ведено ва Шарой районаздаса Нурди Ахиядов ва Рамзан Идрисов.

Баркиялъулаб кIалъайгун данделъи рагьана районалъул бетIер М. ПатхIулаевас.

Гьес жиндирго разилъи загьир гьабуна районалъул ва тIаде рачIарал гьалбадерил гьунаразухъ. бицана гьединал данделъабаз халкъалда гьоркьоб бижинабулеб рокьиялъул, гьудуллъи-вацлъиялъул.

Фестивалалъул гIахьалчагIаз лъай-хъвай гьабуна районалъул росабалъа рачIарал «национализб кухниялдаса».

Адам Аварав

БРОДЯЖНИЧЕСТВО....?! ПРАВОВАЯ ОТВЕТСТВЕННОСТЬ

В настоящее время вызывает озабоченность увеличение количества безнадзорных, в том числе и беспризорных детей, втянутых в антиобщественное поведение. Наиболее часто такие несовершеннолетние занимаются бродяжничеством и попрошайничеством.

Бродяжничество - скитание лица в течении длительного времени без постоянного места жительства.

Попрошайничеством считается систематическое выпрашивание у посторонних лиц денег, продуктов питания, одежды или иных материальных ценностей.

В соответствии с Федеральным Законом № 120 от 24.06. 1999г. “Об основах системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних”:

под антиобщественными действиями понимаются действия несовершеннолетнего, выражающиеся в систематическом употреблении наркотических средств, психотропных и (или) одурманивающих веществ, спиртных напитков, занятий проституцией, бродяжничеством или попрошайничеством, а также иные действия, нарушающие права и законные интересы других лиц.

Эти явления носят противоправный аморальный характер и пагубно сказываются на духовном и физическом развитии несовершеннолетних, что влечет административную ответственность их родителей (опекунов) Ст. 5.35 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях (КоАП РФ) “Неисполнение родителями законными представителями несовершеннолетних обязанностей по содержанию и воспитанию несовершеннолетних”.

Основание: действие или бездействие лица, выражающееся в ненадлежащем исполнении или неисполнении им обязанностей по содержанию, воспитанию, обучению, защите прав и интересов несо-

вершеннолетних детей, что может повлечь уклонение их от учебы, бродяжничество, иные антиобщественные действия.

!Наказание: предупреждение или наложение административного штрафа в размере от одного до пяти минимальных размеров оплаты труда.

Часто несовершеннолетние оказываются втянутыми в занятия бродяжничеством и попрошайничеством (вымогательством) под влиянием старших по возрасту лиц. Эти действия, совершаются как правило, в целях паразитического существования взрослого за счет средств, добываемых несовершеннолетним. За данные деяния установлена уголовная ответственность в ст.151 Уголовного кодекса Российской Федерации (УК РФ) “Вовлечение несовершеннолетнего в совершение антиобщественных действий”

Это наиболее бесстыдная форма эксплуатации несовершеннолетнего, наносит ущерб его моральному, а зачастую и физическому развитию.

!Наказание: обязательные работы на срок от 180 до 240 часов, либо исправительные работы на срок от 1 года до 2 лет, либо арест на срок 3-6 месяцев, либо лишение свободы на срок до 4лет

То же деяние, совершенное родителем или иным законным представителем несовершеннолетнего : наказание ограничение свободы на срок до 3лет, либо арестом на срок от 4 до 6 месяцев.

Деяния, предусмотренные ч.1,2 настоящей статьи, совершение с применение насилия или с угрозой его применения - ! наказание: лишение свободы на срок до 6 лет.

Под вовлечением в бродяжничество, попрошайничество следует понимать умышленные действия взрослого лица, направленные на приобщение несовершеннолетнего:

к кочевому, бездомному образу жизни, скитанию от одного места в другое в течении длительного времени, сопряженным с паразитическим существование подростка

наказание:

ч.1, ст. 151 УК РФ к ответственности привлекаются лица, достигшие 18 лет на которого законом возложены обязанности по воспитанию несовершеннолетнего;

ч.2 ст. 151 УК РФ к ответственности привлекаются усыновители, опекуны, попечители, приемные родители;

ч.3ст 151 УК РФ предусматривает ответственность за вовлечение несовершеннолетнего в совершение антиобщественных действий с применением насилия.

Единый Общероссийский ТЕЛЕФОН ДОВЕРИЯ для детей, подростков и их родителей

8-800-2000-122, 8 (8722) 62-83-68

ТЕЛЕФОН ДОВЕРИЯ МВД по Республике Дагестан

8 (8722) 98-48-48, 8 (8727) 12-20-32

исп: Сайгидинов А.

АХIУЛ-ГОХIАЛДЕ САПАР

Болъихъ тIоцебесеб гьоркьохъеб школалъул щуабилеб классалъул цIалдохъабаз, эбел-эменгун ва классалъул руководитель ГIайшат Халилбеговагун цадахъ сапар бухьун букIана АхIул-гохIалде зияраталъе.

Музеялъул нухмалъулев АхIмадсултIан ГIалиевас лъималазда бицана АхIул-гохIалда букIараб рагъул хIакъалъулъ, нилъер Дагъистаналъул халкъалъул къвакIиялъул.

Гьениб цIалдохъабаз цIалана Къуръаналъул сураби ва гьабуна дугIа. Рази-ракиго тIад руссуна цIалдохъаби бачун зикругун.

ГЪУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Редактор
ГI. ГI.ГIумаханов

Жавабияв секретарь
М-Р. ГъазимухIамадов

Отделалъул редактор
П. Дибирова

Мухбир
М. ГIумаханова

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

Программист
А. Ибрагьимова

Фотокорр
Ш.Муртазалиев

Индекс: 368970
Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

Телефонал:
Редакторасул 2-20-53
ГIаммаб 2-20-37

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-Iясул къватI, 61
Тираж -600
Индекс-51 349
Багьа-6 гъурущ

Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ
Газета кьабуна 20.00

Заказ № _____

Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.
ПИ *№ ТУ 05 - 00381*

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Гьаб магIу буго ПатIимат Муъминовалъ жиндирго рос Шодрода росулъа МахIачхъалаялда гIумру гьабун вукIарав Абукъасим хведал хъвараб. Гьелъ гьаниб загьир гьабулеб буго гьесдехун жиндирго ва гьесул жиндехунго букIараб адаб-хIурматалъул хIакъалъулъ.

НАЗМУ

Рокъоса къватIибе мали аниги.
Мун хванин абун божулей гьечIо.
Зонода къвалги бан гIодананиги
Къабуллъулеб гьечIо гьечIин абизе.
Дий захIмалъун буго мун гьечIев гIумру,
Дир рекIелъ къан буго хIеренаб калам.
КигIан магIу тIуниги мун вачIинаро.
КигIан угьданиги мун вихьиларо.
МоцIалъ унтаниги угьди ргIичIо.
ЦохIо къоялъ унтун берал къанщана
Мунго гIадав лъикIаб хвелги щвана дуй.
Зам-зам лъимги гьекъон къанщана берал.
Рамазан вачIунев гьечIевищилан,
КIиго-лъабго нухалъ щуричIищ дуца.
Дада, дун вачIанин васас абидал,
Данде жаваб кьезе къуватищ гIечIеб.
Дуеги йокьулей, мунги вокьулев,
Дур хирияй Сарат эхей щун йигин.
Дуде тIаде къулун кIалъалей йигин,
Гьелъул калам дуда ргIулеб гьечIищ.
Кинго божуларо мун гьечIин абун,
ГIумарихъ ватилин тола рекIеца.
Божизе кIоларо дуй къадар щванин,
Рукъ къачIалев вугин, сабру гьабула.
Каву ргьун рокъой гIедегIула дун,
Диваналда кIусун мун ватилилан.
Минаялда сверун тиртидула дун,
ХIалтIулев ватилин ракIалдеги ккун.
Цадахъ араб нилъер бащдаб гIасруялъ
Дир ракI сукIизесеб ргIи абичIев
КватIун рокъов вачIун дун ахIданиги
Хирияйин гуреб калам гьабичIев.
Дурго махщалица цIар борхана дур
Дурго хIеренлъиялъ хиралъана мун
ГIадамазда гьоркьов берцин хьвадиялъ
Къадру дур борхана лъалелщиназе
Ихх тIаде щвезегIан жахIабго тараб
ХIалтIи букIана дур гьабизе бугеб.
Ихххги тIаде щвана, майги бачIана,
Щай мун гIедегIарав чIегIер ракьулъе.
Нилъер мина сверун хер бижун буго,
Гьабизе букIараб хIалтIи чIун буго.
Дуца къотIун тарал дол маххул листал
Додинго хутIана, тIад хIурги бетун.
Дуца гъежги гурун бараб гьаб мина
Дий чIобоголъана, жанив мун гьечIеб.
Берцинго къачIарал гьайбатал рукъзал
Дие нур ссун ана хьолбохъ мун гьечIев
Кваналеб квеналъул дий тIагIам гьечIо
Цадахъ гIодов чIезе мунги гьечIого.
Гьекъолеб чаялъул тату дий хвана
ЧIобого хутIараб бакIихъ ялагьун.
Къаси сордо щвейгун дун пашманлъула,
НуцIби рахан жаний дунго хутIидал,
Радал гIуж бачIиндал, дун чIаголъула.
Азбар бакIарулев ватилин мун ккун,
Араб заманалъул хIисаб гьабидал
ГIайибал гIемераб нилъер гьаб гIумру
ЦIадирабазда лъун цадахъ борциндал
ЛъикIлъи дулъ бергьараб гьйбатаб гIасру.

Муъминова ПатIимат,
МахIачхъала шагьар.2019 сон.

3 июль-ГИБДДялъул къо БАРКИ

Районалъул нухазда хIинкъигьечIолъи цIуниялъул инспекциялда баркулеб буго гьезул профессионалияб байрамкъо.
Гьаризе бокьун буго гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, гIадамазе нухда унагоги, рекIун сапаралде рахъиндалги рокъоре тIад руссинегIан сах-саламатго щвезегIан кумекги гьуинаб каламги камунгутIизе. Киналго рулалда нахъа гIодорчIаралги нухда рахъун чIарал нужги цоцадаги ричIчIун ратIалъизе хъван ратаги.
Районалъул «Гьудуллъи» газета гьоркьоб ккун, гьуинлъизе нилъеда гьоркьоб бухьенгун божилъи.

Баркигун Редколлегия!

ИНФОРМАЦИЯ

Межрайонная ИФНС России №12 по Республике Дагестан информирует налогоплательщиков по вопросу рассмотрения налоговых споров судами.

В настоящее время разрешение налоговых споров суды учитывают, что само по себе заключение соглашения об их урегулировании, предусмотренного статей 190 Арбитражный Процессуальный Кодекс Российской Федерации, не противоречит закону и не нарушает права и законные интересы других лиц.

Дополнительные доказательство могут быть представлены в суд лишь в том случае, если суд сочтет уважительными причины, по которым такие доказательства не представлялись ранее. При этом в любом случае допускается представление дополнительных доказательств в опровержение доказательств, представленных другой стороной непосредственно в суд.

Положения статьи 140 Налоговый кодекс Российской Федерации не предусматривают право вышестоящего налогового органа, рассматривающего жалобу налогоплательщика, отменив оспариваемый акт, направить на новое рассмотрение в принявший его налоговый орган вопросы, разрешенные таким актом. Вышестоящий налоговый орган вправе отменить такое решение, рассмотреть названные материалы в порядке и вынести новое решение.

При рассмотрении жалобы налогоплательщика вышестоящим налоговым органом не может быт принято решение о взыскании с налогоплательщика дополнительных налоговых платежей, пеней, штрафов, не взысканных оспариваемым решением. В то же время вышестоящий налоговый орган вправе дополнить и (или) изменить приведенные в обжалуемом решении основания взыскания сумм налогов, пеней, штрафов.

Однако, исходя из публично - правовой природы налоговых споров, предметов названного соглашения не может являться изменение налоговых последствий спорных действий и операций в сравнении с тем, как такие последствии определены законом.

По всем возникающим вопросам при наличии налоговых споров, а также в ходе подготовки возражений и жалоб, просим обращаться в межрайонную инспекцию ФНС России №12 по Республике Дагестан, или на телефон горячей линии: **887(271) 2-21-28.**